# ХАБЗЭ (УСТАВ)

## Пкъыгъуэ 1. ЦIэр, Купсэр

1. Хасэм и цIэр “Адыгэ Лъэпкъ Хасэ”щ и цIэ кIэщIыр “АЛъХ”щ. (ИнджылызыбзэкIэ оригинальнэу щыт и цIэр “Circassian National Assembly”, и цIэ кIэщIыр “CNA”щ).

2. Хасэ купсэр Голландиям, Роттердам къалэм дэтщ.

## Пкъыгъуэ 2. Мурадхэр

1. Хасэм и мурадхэр мыхэр аращ:

а. Адыгэ лъэпкъым тхыдэм къыриубыдэу игъуэта и хуитыныгъэхэм/правэхэм къащхьэщыжын, хъумэн икIи я лъэпкъ щыIэныгъэм нэхъыфI дыдэу ирагъэукъудыифын папщIэ шынагъуэншэу щытыну зы щIыпIэфI ягъэгъуэтын/яхузэгъэпэщын;

б. Адыгэ лъэпкъым и Хэкум и географическэ псоуныгъэр зыуэ, зэбгырымыдзауэ щытыныр къызIэрыгъэхьан, Хэкум гъэзэжыныр икIи Хэкум и къэкIуэныр езбы игъэунэхуным теухуа и хуитыныгъэм къыщхьэщыжын, хъумэн;

в. Адыгэ лъэпкъым и лъэпкъ/национальнэ щыIэныгъэм, зыкъызэрилъытэм/иденточностым, культурэм, щIэиным, бзэм икIи тхыдэм къыриубыдэу игъуэта и хуитыныгъэхэм/правэхэм къащхьэщыжын, хъумэн икIи зягъэужьын;

г. Дунейпсо зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуауэ щыт цIыху хуитыныгъэхэр хъумэн, зягъэубгъун/псори щыгъуазэ щIын икIи зягъэужьын;

д. Адыгэ лъэпкъым и лъэпкъ/национальнэ щыIэныгъэм теухуа проблемэхэр зэфIэхыныр ипэ изыгъэщ Iуэху щIапIэхэмрэ зэгъэпэщыныгъэхэмрэ зэхуэдэу запыщIэн, зэпхыныгъэхэр яхуиIэн икIи мы Iуэху щIапIэхэмрэ зэгъэпэщыныгъэхэмрэ къару яIэхэм Хасэм и къарури гъусэ хуэщIыным мыхьэнэ етын;

е. Къэралхэм, къэзыгъэлъагъуэхэм/представительствэхэм, парлементхэм, меджлисхэм, дипломатическо миссиехэм, политическэ партиехэм, дунейпсо зэгъэпэщыныгъэхэм я нэхъ лъагэу щыт зэхущытыкIэхэмкIэ запыщIэн, зэпыщIэныгъэхэр яхуиIэн.

2. Хасэ мурадхэр къызэгъэхъулIэн папщIэ;

а. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, бзэм, культурэм икIи и лъэпкъ/национальнэ идентичностым теухуауэ гулъытэм/щыгъуэзэныгъэм зегъэужьын/хэгъэхъуэн папщIэ хуей лэжьыгъэ псори гъэзэщIэн;

б. Адыгэ лъэпкъым и политическэ зэхэщIыкIым хэзыгъэхъуэну икIи зэгъэпэщауэ/организованнэу щыт и къарур я нэхъыфI дыдэу утыку къизылъхьафыну политикэхэр зэпкъырыгъэувэн. Мы мурадым щхьэкIэ, къэралыгъуэ зэхуэщхьахуэхэм щыIэ Адыгэ зэгъэпэщыныгъэхэр Хасэм и Член/ЛIыкIуэ хъуным тегъэгушхуэн; Хасэм щымыщ Адыгэ Зэгъэпэщыныгъэхэр Хасэм игъэзэщIэну лэжьыгъэхэм кIэлъыплъакIуэ къахуагъэкIуэным тегъэгушхуэн;

в. Адыгэ лъэпкъым и бзэр, культурэр, идентичностыр икIи лъэпкъ/национальнэ щыIэныгъэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ япэIулъ икIи зэран яхуэхъуфыну щыт пэрыуэхэр/проблемэхэр Iухын/гъэкIуэдын папщIэ хабзэм езэгърэ щытыкIэхэмрэ амалхэмрэ къэгъэсэбэпын;

г. ЕджапIэ, институт икIи культурэ купсэхэр/центырхэр зэхэгъэувэным теухуа лэжьыгъэхэр гъэзэщIэн; щIыпIэ, къэрал икIи дунейпсо семинархэр, зэхуэсхэр, конференциехэр икIи щIэныгъэ программэхэр зэгъэпэщын; бзэр, музыкэр, фольклорыр икIи адрей культурэ щIэинхэр хъумэн папщIэ лэжьэн; Адыгэ лъэпкъым и щыIэныгъэм иригъеукъудыифын, зэпимыгъэуэн папщIэ сыт хуэдэ сакъыныгъэри къэщтэн;

д. Хэкумрэ диаспорэмрэ/хамэщIымрэ ящыпсэу Адыгэхэм языхуакум дэлъ зэхущытыкIэхэмрэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ нэхъыфIу зягъэужьын щхьэкIэ диаспорэм щыпсэу Адыгэхэм къэралыгъуитIум я гражданствэр яIэу щытыным, условие/щIэн хуеи гуэр хэмылъу, езбы я хэхыныгъэмкIэ я Хэкум ягъэзэжьыным хуит хуэзыщIыну, Хэку гъэзэжьыныгъэр зэзыгъэпэщыну лэжьыгъэхэр гъэзэщIэн.

е. Адыгэ лъэпкъыр я Хэкум щызыпэIуафауэ щыт, демографическэ и лъэныкъуэкIэ зыхэт щытыкIэ Iейр щытыкIэфIым хуэгъэкIуэжьын папщIэ лэжьэн;

ж. Адыгэ лъэпкъымрэ Хэкум и географиемрэ теухуауэ тхыдэ, культурэ, экономикэ икIи политикэм ехьылIауэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI Iуэху щIапIэхэм (университетхэр, фондхэр, институтхэр н.) Iуэху ядэщIэн, Адыгэхэм теухуауэ сыт хуэдэ темэми ехьылIауэ академическэ лэжьыгъэхэр гъэзэщIэным тегъэгушхуэн, инвентаризацэ щIын икIи мыхэр статистикэм хуэгъэкIуэн икIи зы архив зэгъэпэщын;

з. Адыгэ Лъэпкъ ГъэкIуэдымрэ я Хэкум къызэрырахуамрэ къыздихьахэмрэ иужькIэ къэхъуахэмрэ документальнэу зэхуэхьасын икIи лъэныкъуэ псори къызэщIэзубыдэ зы юридическэ документ зэгъэпэщын. Абы къищнэмыщIауи

дунейпсом Адыгэу тетым я щытыкlэхэр докуметнхэмкlэ гъэбыдэн, къэгъэлъэгъуэн;

и. Мы лэжьыгъэхэм я кlэуххэр дунейпсом щащlэным папщlэ лэжьыгэхэр, организацэхэр егъэкlуэкlын;

к. Адыгэхэм я проблемэхэм ехьылlа зыужьыныгъэхэм, къэхъу-къащlэхэм гъунэгъуу якlэлъыплъын, Хэкумрэ диаспорэмрэ къащыхъу зыужьыныгъэ мыхъунухэм теухуауэ мышынэу, быдэу, пэрыуэ хъуфыну lуэхугъуэхэр гъэзэщlэн икlи реакцие быдэ етынымкlэ сэбэп хъун;

л. Урысей Федерацием цlыху хуитыныгъэхэм, щхьэхуитыныгъэхэмрэ демократическэ хабзэхэмрэ ямызэгъэрэ, Адыгэ лъэпкъым и щыlэныгъэмрэ и къэкlуэнымрэ зэран хуэхъуну щыт и унафэхэмрэ и гъэзэщlэныгъэхэмрэ пэувын;

м. Урысей Федерацием нэгъуэщl къэралхэм ящыпсэу Адыгэхэр кlуэдыным икlи ассимиляцием щыухъумэн икlи я этно-культурнэ щыlэныгъэм зэран хуэхъу сыт хуэдэ унафэуи щырет псоми я гъэзэщlэныгъэм пэувын;

н. Кавказым и адрей лъэпкъ lыхьлыхэм яхуэгъэзауэ тхыдэ, культурэ зэпхыныгъэхэр хъумэн, зягъэужьын икlи сыт хуэдэ lуэхугъуэмкlи я зэдэлэжьэным тегъэгушхуэн;

о. Адыгэ лъэпкъым езбы и къэкlуэнур/насыпыр игъэунэхун, зэригъэкlуэфын папщlэ Урысейри хэтэу къэралыгъуэ псоми икlи дунейпсо зэгъэпэщыныгъэхэми (UN, UNPO, ECRE н.) пыщlэныгъэхэр яхуэщlын, Адыгэ лъэпкъ lуэхугъуэр дунейпсом и цlыху хуитыныгъэ lуэхугъуэ щlын, дунейпсо lуэху щlапlэхэмрэ зэгъэпэщыныгъэхэмрэ я дэlэпыкъуныгъэр къыlэрызгъэхьэн лэжьыгъэхэр гъэзэщlэн;

п. Дунейм текlуэдыкlыжьын щынагъуэр зиlэ этническэ гупхэм, бзэр, лъэпкъ щlэиныр икlи хуитыныгъэхэр игъусэу я лъэпкъ идентичностыр зэраухъумэжьыфыным икlи мыкlуэду къызэрызэтенэфынухэм теухуауэ япсэлъылlэн икlи хуей хъумэ зэгъусэуи зэдэлэжьэным ехьылlауэ зэгурlуэн;

р. Урыс Пащтыхьыгъуэм Адыгэ лъэпкъым къыриха Лъэпкъ Гъэкlуэдым теухуауэ цlыхухэм я зэхэщlыкlым хэгъэхъуэн, зегъэужьын, лъэпкъ гъэкlуэдым ехьылlа документ псори хабзэм/законым къыриубыдэ щlын папщlэ лэжьэн, дунейпсо лъэпкъхэм мы лъэпкъ гъэкlуэдыр зэрыщыlар ядэн папщlэ захуэгъэзэн, Урысей Федерацэми мы лъэпкъ гъэкlуэдыр идэу мыбы ехьылlауэ Хэку гъэзэжын хуитыныгъэри хэту Адыгэ лъэпкъыр зыпэlухуа материальнэу икlи моральнэу щыт зэран псори къипщыныжьыным хуеин;

с. Зи Іэщіагъэкіэ нэса икіи профессиональнэу щыт Адыгэхэр Адыгэ лъэпкъ Іуэхухэм хуэлажьэ проектхэм/пэхуэщіэхэм хэлыжьыхьынхэ папщіэ лэжьыгъэхэр егъэкіуэкіын;

т. ЩІыуэпс къэхъу-къащіэ гузэвэгъуэхэм икіи зауэхэм зэран щызыгъуэтхэм материальнэу икіи моральнэу дэіэпыкъун; фІыуэ еджэрэ еджакіуэхэм стипендиекіэ ядэіэпыкъун;

ф. Ищхьэкіэ къыщыгъэлъэгъуауэ щыт мурадхэр гъэзэщіэн папщіэ икіи Адыгэ лъэпкъым сэбэп хуэхъуну Іуэхугъуэхэр зехьэн щхьэкіэ медиа-платформхэр зыубгъуауэ къэзыгъэсэбэпыфыну быдэу (дзыхь зыхуэпщіыфыну) щытыну зы Адыгэ медиа гуп зэхэгъэувэн; электроннэу икіи тедзауэ щыт тхыгъэхэр гъэхьазырын икіи къытедзэн;

х. Ищхьхэкіэ къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэр ехъулІэныгъэкіэ гъэзэщіэн икіи кіэух щыпкъэхэр къызіэрыгъэхьан папщіэ Адыгэ псори зыхэтыну зы Адыгэ Лъэпкъ Фон зэхэгъэувэн.

3. Хасэр;

а. Нэгъуэщіым ІэщІэмылъ, емыпха лъэпкъ Іуэху зезыхьэ зы ухуэныгъэщ;

б. Зауэм, залымыгъэм, терроризмэм, лъэпкъ зэхэгъэжым икіи дин, бзэ зэхэгъэжым йобэн икіи мамырыгъэм къыщхьащож;

г. Дунейпсо зэгурІуэныгъэхэмкіэ къащта хабзэхэм епхащ;

4. Хасэм, и Членхэм зы файдэ/хэхъуэ гуэр яхуигуэщын хуитыныгъэ иІэкъым.

## Пкъыгъуэ 3. ЗэхэгъэкІыныгъэхэр

1. Мы Хабзэм/Уставым нэгъуэщіу къыщымыгъэлъэгъуауэ е нэгъуэщіу къэхъункіэ хъуфыну щымытахэмкіэ, Хабзэм и мурадхэм папщіэ и лъабжьэкіэ къэкіуэну зэхэгъэкІыныгъэр пэжу щытынущ:

- Хасэ: Пкъыгъуэ/Статья 1-нэм зи ціэр къыщыкіуа Хасэр аращ (Адыгэ Лъэпкъ Хасэ);
- Член/Щыщ (хэр): Хуитыныгъэ псори зиІэ член (хэр) аращ; (почетнэ/щІыхь зиІэ член (хэр) хэткъым);
- Зегъакіуэ Гуп: Хасэ Лэжьыгъэхэр Зезыгъакіуэ Гуп;
- Гуп Нэхъыщхьэ: Хасэр зэхэзыгъэува орган икіи мыбы хэт хуитыныгъэ псори зиІэу щыт и членхэр/щыщхэр хэту ирагъэкіуэкІ зэхуэсхэр;
- Тхылъ 2: Голландием и Граждансэ Кодексым/ и 2-нэрэ Тхылъ;
- Къэзыпщытэ Комитет: Тхылъ 2-нэм и 48-нэ Іыхьэм и 2-нэрэ пычыгъуэ лъабжьэм щызэхэгъэкІа, къыщыгъэлъэгъуа комитет.

2. Мы Хабзэм/Устаым къыщыкlуэ “тхыгъэу” икlи “тхауэ” псалъэхэм мыхэр къызэщlаубыдэ: е-маил е тхауэ щыт текстхэр зыгъэкlуэфу щыт телекоммуникацэ амалкlэ ягъахьырэ егъэщlэныгъэхэр.

## Пкъыгъуэ 4. Хуитыныгъэ Псори ЗиIэ/Полноправнэ Членхэр/ЛIыкIуэхэр, Почетнэ/ЩIыхь ЗиIэ Членхэр, Членыгъэм и ЩIэдзапIэр

1. Хасэр хуитыныгъэ псори зиlэ (Полноправнэ) членхэмкlэ зэфlоувэ, къохъу.

Хуитыныгъэ псори зиlэ (Полноправнэ) членхэр, дунейпсом лэжьыгъэхэр щезыгъэкlуэкl, юридическэ лицэ зиl икlи хасэм и мурадхэмрэ и лэжьыгъэмрэ къэзыщтэ Адыгэ лъэпкъ lуэху зезыхуэ гражданскэ/лъэпкъ гуп зэгъэпэщахэрщ.

Хасэм полноправнэу щымыт щlыхь зиlэ членхэри иlэфынущ. Мы членхэр офицальнэкъым. Щхьэзакъуэ цlыхухэр аращ мыпхуэдэ член хъуфынухэр.

2. Хуитыныгъэ псори зиlэ (полноправнэ) Членхэр, Гуп Нэхъыщхьэр зыхуеину щlэныгъэхэмрэ документхэмрэ къигъэлъэгъуэфу Зегъаклуэ Гупым Член хъуфын щхьэкlэ зыкъызыхуэзгъэза икlи Гуп Нэхъыщхьэм Хасэм член/щыщ зэрыхуэхъуфынур ида зэгъэпэщыныгъэхэрщ.

Зегъаклуэ Гупым, Член хъун щхьэкlэ зыкъызыхуэзгъэзахэм я Членыгъэр ядэн щхьэкlэ Гуп Нэхъыщхьэм зы унафэ къащтэн мурадкlэ захуегъазэ.

3. Щlыхь зиlэ членхэр, Хасэм къахуиlэу щыт епхыныгъэ быдэмрэ Хасэм иригъэкlуэкl лэжьыгъэхэм теухуауэ ехъулlэныгъэфlхэр зыlэригъэхьауэ зэрыщытым къыхэкlыу Зегъаклуэ Гупым зи цlэр Гуп Нэхъыщхьэм хуихьа нэужь члену къагъэлъэгъуэ икlи мы къэгъэлъэгъуэныгъэр зыдауэ щыт цlыху щхьэзакъуэхэрщ.

4. Гуп Нэхъыщхьэм мы Пкъыгъуэм къыщыгъэлъэгъуа унафэр, зэхуэс/собранэ ирагъэкlуэкlам хэтахэм щыщу я нэхъ мащlэу щым щыщу тlум я lэ lэтыныгъэмкlэ къищтэфынущ.

## Пкъыгъуэ 5. Членыгъэм и ЩIыкIэр

Хуитыныгъэ псори зиlэ (полноправнэ) членыгъэмрэ щlыхь зиlэ членыгъэмрэ гуп зэгъэпэщахэмрэ цlыху щхьэзакъуэхэмрэ яхухэхауэ щытщ. Аращи ахэм мы я членыгъэр нэмыщl зыгуэрым яратыфу, къарагъэсэбэпыфу щыткъым; мыбыхэм яхьылlауэ гъунапкъэ зиlэ зы правэ яlэнукъым.

## Пкъыгъуэ 6. Членыгъэм Иухыныгъэ

1. Членыгъэм мы щытыкlэхэмкlэ иухынущ:

а. Членыр дунейм ехьыжьымэ/лІэмэ. Хасэм и Члену щыт юридическэ лицэхэм я щыІэыныгъэм кІэ игъуэтымэ, нэмыщІ юридическэ лицэ гуэрым хэхьан е езбы юридическэ лицэу щытэр зэхэкІыуэ щытыми и членыгъэм кІэ игъуэтынущ;

б. Членыр членыгъэм хэкІыжьымэ;

в. Хасэм членыгъэм кІэ зэрыригъэгъуэтам теухуауэ хъыбар иригъащІэмэ;

г. Членыр хахумэ.

2. Членым и членыгъэм кІэ иратыным ехьылІа хъыбарыр, я нэхъ мащІэу тхьамахуиплІ ипэкІэ тхауэ къатын хуеищ икІи Хасэм и финансовэ гъэм и кІэм ягъэзэщІэн хуейщ.

Членыгъэм кІэ зэрыратам теухуа хъыбарыр къэгъэлъэгъуауэ щыт зэманым къыриубыдэу къамытамэ, Членыгъэм къыкІэлъыкІуэ финансовэ гъэм и кІэ нэсыхункІэ пищэнущ.

3. ИпэкІэ къэкІуа Іыхьэм хэт унафэхэм емыпхауэ, зы Член гуэрым къапщтэ хъуну щыт щхьэусыгъуэхэм къыхэкІыу и Членыгъэм пищэну хумеимэ, тхауэ хъыбар къаригъащІэзэ и Членыгъэм занщІэу кІэ иригъэгъуэтыфынущ. Мыбы нэгъуэщІыуи, хасэр зэритам нэмыщІу зы форм гуэрэм ирагъэувэуэ е нэгъуэщІ гуэрэм гуэхьан е езбы и кІуэцІыкІэ зэхэкІыным теухуауэ унафэ къищтауэ гулъитэмэ е ежь мы хъыбарыр къырагъэщІа нэужь зы мазэм къыриубыдэу тхыгъэкІэ и унафэр къигъэлъагъуэурэ езбы и Членыгъэм кІэ иритын хуитыныгъэ иІэщ.

4. Членым, и финансовэ пщэрылъхэр/къалэнхэр е нэгъуэщІ и зы пщэрылъ/къалэн гуэр щхьэрызыха унафэмкІэ хъыбар къыІэрыхьа нэужь е мыбы теухуауэ хъыбарыр занщІэу къырагъэщІа нэужь и Членыгъэм занщІэу кІэ иригъэгъуэтын е мы Іыхьэм зи гугъу щІауэ щыт зы унафэ гуэрыр езбы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэ имыІэ щІын хуитыныгъэ иІэнукъым. Мы Хабзэм (Уставым) ипкъ иткІэрэ членым иратуну къалэнхэр е хуитыныгъэхэр нэхъыбэ ящІыфынущ.

5. Хасэм, членыгъэм финансовэ гъэм и кІэ къудейр аращ кІэ зыритыфынур. ЗегъакІуэ Гупым, мы унафэр/хъыбарыр тхьамэхуиплІ и пэкІэ тхыгъэу иригъэщІэнущ. Хасэм, законым къигъэлъагъуэ щытыкІэ къудейхэмкІэщ членыгъэм кІэ щыритыфынур. Мы Пкъыгъуэм и 2-нэрэ Іыхьэм и яужьрей псалъэухуамрэ 3-нэрэ Іыхьэм и япэрей псалъэухуамрэ хэт унафэхэр зэгъэпщэныгъэ гъуэгукІэ ягъэзэщІэнущ.

6.а. Зы Членыр, Хасэм и Хабзэ (Устав), гъэнэхуауэ щыт хабзэхэмрэ зекІуакІэхэмрэ емызэгъ е мыхэр лъэгу щІэт зыщІ хьэлхэр къигъэлъагъуэмэ, псалъэм папщІэ зы Член гуэрым илъэс къэс къитын хуей Членыгъэ ахъщэр и зэманым къимытымэ е игу къагъэкІыжами зыкІи къимытмэ е зы Член гуэрым захуэу къэплъытэфыну щыт

щхьэусыгъуэ гуэр имыӀэу Хасэм и зэран къыригъэкӀымэ и Членыгъэм кӀэ иратыфынущ.

б. И членыгъэм кӀэ зэрыратам теухуа хъыбарыр, зи цӀэ къиӀуа Членым, ЗегъакӀуэ Гупым мыгувэу, тхыгъэкӀэ икӀи щхьэусыгъуэхэри къыщыгъэлъэгъуауэ ирагъащӀэ. Зи цӀэ къиӀуа Членым, мы хъыбар тхылъыр къыӀэрыхьа нэужьым зы мазэм и кӀуэцӀкӀэ мы унафэр якъутэн папщӀэ Гуп Нэхъыщхьэм зыхуигъэзэн хуитыныгъэ иӀ. Мы зыхуэгъэзэныгъэр щащӀыфыну зэманымрэ мыбы къыхуэкӀуэну жэуапыр къатыхункӀэ зи цӀэ къиӀуауэ щыт Членым и членыгъэр къагъэувыӀэнущ.

4-нэрэ Пкъыгъуэм и 3-нэрэ Ӏыхьэми яужьрей псалъэухуаитӀым хэт унафэхэр зэгъэпщэныгъэ гъэгукӀэ ягъэзащӀэ.

7. Членыгъэр зы финансовэ гъэм хэту иухуамэ, илъэсым техуэ Членыгъэ ахъщэр Членым зэрыщыту къитын хуейщ.

8. Гуп Нэхъыщхьэм, мы Пкъыгъуэм къыщыгъэлъэгъуа зы унафэр я нэхъ мащӀэу, Ӏэ Ӏэтыным хэтхэм и щым щыщ тӀум я Ӏэ ӀэтыныгъэмкӀэ къищтэфынущ.

9. Мы Пкъыгъуэм и мурадхэм япкъ иткӀэ ЩӀыхь ЗиӀэ Членыгъэри Члэныгъэ Тэмэмым/Полноправнэм хуэдэу щытщ, къалъытэ.

## Пкъыгъуэ 7. КъэгъэувыӀэн

1. Членхэм ящыщ гуэрэм, Хасэ Хабзэм (Уставым) и унафэхэмрэ и хабзэхэмрэ емызэгъу, ахэр лъэгу щӀэт ищӀу зекӀуэмэ е щхьэусыгъуэ тэмэм имыӀэу Хасэм и зэран къыригъэкӀымэ, и членыгъэр ЗегъакӀуэ Гупым и унафэкӀэ мазищкӀэ къагъэувыӀэфынущ; мы къэгъэувыӀэныгъэр я нэхъыбэу мазищкӀэ иджыри зэ ягъэщӀэжыфынущ.

ЗегъакӀуэ Гупым, зи цӀэ къиӀуа Членым я унафэр/къащта унафэр мыгувэу тхыгъэу Ӏэрагъэхьэнущ икӀи и членыгъэр къызэрагъэувыӀам и щхьэусыгъуэхэр нахуэ хуащӀынущ.

Зи цӀэ къиӀуа Членым мы хъыбарыр Ӏэрыхьа нэужь мазэм къыриубыдэу унафэр яӀэтыжын папщӀэ Гуп Нэхъыщхьэм зыхуигъэзэну хуитыныгъэ иӀ. 4-нэрэ Пкъыгъуэм и 3-нэрэ Ӏыхьэм и яужьрей псалъэухуаитӀым хэт унафэхэр зэгъэпщэныгъэм тету ягъэзэщӀэнущ.

2. Зи членыгъэр къагъэувыӀа Членыр Хасэр зыгъэува органми и члену щытымэ, мы зи цӀэ къиӀуа органми щыриӀэ и членыгъэри занщӀэу къагъэувыӀэн хуеищ.

3. Мы Пкъыгъуэм и мурадхэм япхыгъэу щӀыхь зиӀэ членыгъэри хуитыныгъэ псори зиӀэ членыгъэм хуэдэу къалъытэр.

## Пкъыгъуэ 8. КӀэлъыплъакӀуэхэр

1. Хасэм и мурадхэмрэ зытелэжьыхьхэмрэ икIи Ищхъэрэ Кавказ лъэпкъхэм языхуакум зэгъусэныгъэрэ зэкъуэтыныгъэрэ дэлъын миссием дэIэпыкъурэ юридическэ лицэу щыт сыт хуэдэ лъэпкъ/гражданскэ Iуэху зезыхуэ зэгухьэныгъэр/организацэр, ЗегъакIуэ Гупым и къэгъэлъэгъуэныгъэ икIи Гуп Нэхъыщхьэм мыр и къэщтэныгъэмкIэ кIэлъыплъакIуэ хъуфынущ.

2. КIэлъыплъакIуэхэр, Хасэ зэхуэсхэм яхэтыфынущ, я еплъыкIэхэмрэ я чэнджэщхэмрэ къыжаIэфынущ ауэ Iэ яIэтыфынукъым.

3. ЗегъакIуэ Гупым и къэгъэлъэгъуэныгъэ икIи Гуп Нэхъыщхьэм и къэщтэныгъэмкIэ кIэлъыплъакIуэныгъэр иухынущ. КIэлъыплъакIуэр щымыIэжьмэ кIэлъыплъэкIуэнми езыр езыру кIэ игъуэтынущ.

## Пкъыгъуэ 9. Финансовэ Источникхэр/Ахъшэ-Мылъку КъэкIуапIэхэр

1. Хасэм и финансовэ источникхэр, Членхэм къатыну илъэсым техуэ Членыгъэ ахъшэхэм/уасэм, псапэщIхэм къатхэм, зыгуэрым щIэхьан, хэхьан папщIэ ятырэ билет уасэхэм, субсидиехэм, щIэину щыт мылъкухэм, уэсятхэм икIи щIэинхэм, тыгъэхэм икIи нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ лэжьапщIэхэмрэ къахокIыр.

2. Членыгъэ уасэр къэкIуэну щытыкIэхэм епхауэ зэщхьэщыкIынущ:

- ПщIы (10) нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэр;
- ПщIы (10) е нэхъыбэу ауэ щэ (100) е щэм нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэр;
- Щэ (100) е нэхъыбэу ауэ щитI (200) е щитIым нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэр;
- ЩитI (200) е нэхъыбэу ауэ щищ (300) икIи щищым нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэр;
- Щищ (300) е нэхъыбэу член зиIэ Членхэр;
- Езыхэр федерациеу щыт Членхэр.

## Пкъыгъуэ 10. Членхэм я Пщэрылъхэр/Къалэнхэр

1. Хуитыныгъэ псори зиIэу/полноправнэу щыт член псоми, Хасэм илъэсым техуэ уасэр къратын хуеищ; мы уасэр зи хуэдиз хъунур ЗегъакIуэ Гупым и къэгъэлъэгъуэныгъэм епхуауэ Гуп Нэхъыщхьэм йогъэбелджылы.

Гуп Нэхъыщхьэм, илъэс уасэр къэтын пщэрылъыр щIыхь зиIэ членхэми къатын зэрыхуейм теухуауэ унафэ къищтауэ щымытмэ ахэм мы уасэр я пщэрылъынукъым.

2. Гуп Нэхъыщхьэм, Зегъакlуэ Гупым и къэгъэлъэгъуэныгъэм епхауэ, щlэу къыхьэну хуитыныгъэ псори зиlэу/полноправнэу щытыну членхэм къыхьэхьапщlэ уасэ къатын хуейуэ унафэ къищтэфынущ. Гуп Нэхъыщхьэм мыпхуэдэ зы унафэ къищтэмэ, Зегъакlуэ Гупым и къэгъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иту, къыхэхьэпщlэ уасэр зыхуэдизынури йогъэбелджылы.

3. Членхэм, Хабзэм/(Уставым е уполномеченнэу щыт зы зэгъэпэщыныгъэм къищта унафэхэмкlэ гуадзэу щыт пщэрылъхэр къахуахьыфынущ; ауэ мы пщэрылъхэр Хасэм и мурадхэм язэгъу щыт хуеищ.

## Пкъыгъуэ 11. Зегъакlуэ Гуп икlи Членыгъэ

1. Зегъакlуэ Гупыр, ягъэунэхуа нэужь я нэхъ псынщlэ зэрыхъун шlыкlэм тету, езбыхэм ящыщ зы Тхьэмадэ, зы Тхьэмадэ Къуадзэ, зы Секретарь икlи зы Бухгалтер зыгъэувыну нэрыбгэ пщlыкlуз (11) хъу цlыху щхьэзакъуэм (Зегъакlуэм) къахэхъукl.

2. Зегъакlуэхэр, мыпхуэдэ щlыпlэхэм я Членхэм къагъэувынущ:

- Тыркуем, ДелегатиплI/ЛIыкIуиплI (4);
- Европэм и адрей щIыпIэхэм, ДелегатитIу/ЛIыкIуитIу (2);
- Исраил, зы (1) Делегат/ЛIыкIуэ;
- Иорданием, зы (1) Делегат/ЛIыкIуэ;
- Сирием, зы (1) Делегат/ЛIыкIуэ;
- Канадэм, зы (1) Делегат/ЛIыкIуэ;
- Америкэ Къэрал Зэхэтхэм/США, зы (1) Делегат/ЛIыкIуэ.

Я 15, 16 икlи 17-нэрэ Пкъыгъуэхэр, щlыпlэ хэха гурэм и Членхэм я зэхуэсхэмрэ я унафэ къэщтэныгъэмрэ теухуауэ щытынущ.

3. Зегъакlуэм и къалэныр, Гуп Нэхъыщхьэм и унафэкlэ къагъэувыlэфынущ е и къалэным кlэ иратыфынущ. Зы Зегъакlуэм и къалэныр къэгъэувыlэным е кlэ етыным ехьылlа унафэр, Гуп Нэхъыщхьэм хэтхэм щыщу я нэхъ мащlэу, щым щыщу тlум/щанитlым я lэ lэтыныгъэмкlэ къащтэнущ.

4. Зы Зегъакlуэм и къалэныр къагъэувыlауэ щытымэ икlи Гуп Нэхъыщхьэм мазищым къыриубыдэу абы и къалэным кlэ етыным теухуауэ зы унафэ къимыщтэфымэ, къалэн къэгъэувыlыныгъэм иухынущ. Зи къалэныр къагъэувыlауэ щыт Зегъакlуам, Гуп Нэхъыщхьэм и пащхьэ ищlахэмкlэ зыкъиищиlуэтэн амал ратынущ, мы зэхуэсым Зегъакlуэм юридическэ и лъэныкъуэкlэ зы чэнджэщэгъум и дэlэпыкъуныгъэр къыщигъэсэбэпыфынущ.

5. ЗегъакIуэхэр, илъэситIым фIэмыкIыну уахътэкIэ ягъэув. Мы Iыхьэм и мурадхэм ялъытауэ, зы илъэсым и мыхьэнэр, Гуп Нэхъыщхьэм ищIырэ зэкIэлъыкIуэ зэхуэситIым языхуакум дэлъ зэманырщ.

ЗегъакIуэхэм щыщу зи щIыпIэр нэщIу къанэрэм и пIэ я нэхъ зэман щIэщIым къыриубыдэу нэмыщI ирагъэувэ.

6. а. ЗегъакIуэ Гупым щыщу зы е нэхъыбэр щымыIэмэ е къалэн ягъэзэщIэфыну щымытымэ, адрей ЗегъакIуэхэм е зи закъуэу къэна ЗегъакIуэр Хасэм и зегъэкIуэныгъэмкIэ пщэрылъ зиIэу щытынущ.

б. ЗегъакIуэ Гупым и член псори щымыIэмэ е къалэн ягъэзэщIэфыну щымытымэ, Гуп Нэхъыщхьэм мы мурадым папщIэ къалэн зэрита зы е нэхъыбэу щытхэм Хасэ зегъэкIуэныгъэ къалэныр я пщэ далъхьэ. ЗегъакIуэ Гупым ехьылIа унафэхэр мы цIыхум е цIыхухэм теухуауэ зэгъэпщэныгъэкIэ ягъэзащIэ.

в. Гуп Нэхъыщхьэм, и щхьэкIэ б. пычыгъуэм къызэрыщэгъэлъэгъуам тету зы нэрыбгэ е нэхъыбэм къалэн яритынымкIэ хуитыныгъэ иI. Зы е нэхъыбэ ЗегъакIуэр щымыIэмэ е къалэн ягъэзэщIэфу щымытымэ, мы пычыгъуэм и унафэхэм тету зегъакIуэ къуадзэхэм ЗегъуакIуэу щытын къалэн яратынущ.

## Пкъыгъуэ 12. ЗегъакIуэ Гупым и Къалэнхэмрэ и Хуитыныгъэхэмрэ

1. ЗегъакIуэ Гупым, мы Хасэ ХабзэмкIэ/УставымкIэ гъэунэхуа гъунапкъэхэм епхауэ, Хасэм и лэжьыгъэхэр зэригъэкIуэн къалэн иI/иIэщ.

2. ЗегъакIуэ псоми, езбы къарата пщэрылъхэр езэгъу ягъэзэщIэнымкIэ Хасэм къалэн яхуриI/яхуирыIэщ. ЗегъакIуэхэр, я пщэрылъхэр ягъэзащIэ зыхъукIэ Хасэм и фэйдэрэ Хасэм и мурадхэмрэ япкъ иту зекIуэн хуейхэщ.

3. ЗегъакIуэ Гупым, Хасэм и ахъщэ Iуэхухэм яхьылIауэ бухгалтер тхыгъэхэмрэ Хасэм и лэжьыгъэхэм яхьылIа сыт хуэдэ Iуэхугъуи ирехъу псоми я тхыгъэхэр мы лэжьыгъэхэм езэгъырэ гъунапкъэхэм тету зэрагъэпэщын, Хасэм и хуитыныгъэхэмрэ и пщэрылъхэмрэ сыт щыгъуи нахуэу щытыфын папщIэ зыхуеину тхылъхэр икIи щхьэтлыкъ хъуну сыт хуэдэ тхылъ, документ, диск н. сытуи ирэхъу псори тэмэму итхын, иухъумэыр и къалэнщ.

4. ЗегъакIуэ Гупым иджыри, мы Пкъыгъуэм и 5-нэрэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуахэм я мыхьэнэр ямыгъэкIуэду, тетха мылъкухэр къищэхун, ищэн е ипотек ищIыным ехьылIа зэгурIуэныгъэхэр щIын, Хасэм, щхьэту теувэн е зыгуэрым и щIыхуэр зыпщэрылъхьан, нэмыщI гуэрэм и щIыхуэр пщыныжыныр гаранти щIын е нэгъуэщI гуэрэм и щIыхуэм щхьэкIэ дзыхь къызхуегъэщIыным теухуауэ зэгурIуэныгъэхэр иIщынкIэ хуитыныгъэ иIэщ. ЗегъакIуэ Гупым, мы Iуэхугъуэхэм

ехьылӀа и унафэхэр, Ӏэ Ӏэтыныгъэм хэтхэм щыщ, щым щыщу тӀум/щанитӀым я Ӏэ Ӏэтыныгъэкӏэ къещтэ/къищтэнущ.

5. ЗегъакӀуэ Гупым игъэзэщӀэну къыкӀэлъыкӀуэ Ӏуэхугъуэхэм щхьэкӀэ Гуп Нэхъыщхьэм и къэщтэныгъэм хуеинущ:

а. Хасэм, щхьэту теувэн е зыгуэрым и щӀыхуэр зыпщэрылъхьан, нэгъуэщӀ гуэрэм и щӀыхуэр пщыныжыныр гаранти щӀын е нэгъуэщӀ гуэрэм и щӀыхуэм щхьэкӀэ дзыхь къызхуегъэщӀыным теухуауэ зэгурӀуэныгъэхэр щӀынымкӀэ;

б. Хасэм кредит къызэрыратынур зэзыгъэпэщ зэгурӀуэныгъэхэр щӀынымкӀэ;

в. Гуп Нэхъыщхьэм и къэщтэныгъэмкӀэ Хасэм кърата кредитхэм химыубыдэ кредитхэр етын е къэгъэсэбэпынымкӀэ;

д. НэгъуэщӀ зы юридическэ лицэ, фирмэ е зэгъусэныгъэм занщӀэу е зэдзэкӀауэ/косвеннэу хыхьэ Ӏыхьэхэр щызэгъэгъуэтын икӀи мы хыхьэ Ӏыхьэхэр зэхъуэкӀын е зыӀэщӀэгъэкӀынымкӀэ;

е. Мы Ӏыхьэм и япэрэ пкъыгъуэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм нэмыщӀ, евро минипщӀ (10.000.000 евро) нэхърэ нэхъыбэ зи уасэ гуэр е Ӏыхьэр къэзыгъэлъагъуэ икӀи илъэсым къыриубыдэу евро тхущӀ (50.000.000) нэхърэ нэхъыбэ е Гуп Нэхъыщхьэм игъэунэхуэну икӀи ЗегъакӀуэ Гупым иригъэщӀэну нэмыщӀ уасэхэм хуэзэрэ зы юридическэ зэухулӀэныгъэ гуэр ищӀынымкӀэ.

6. Мы Пкъыгъуэм и япэрей ӀыхьитӀум къыщыгъэлъэгъуа щытыкӀэхэр мыгъэзэщӀэныр, ЗегъакӀуэ Гупым е ЗегъакӀуэхэм дзыхь зэрэхуащӀамкӀэ/я лӀыкӀуагъэмкӀэ зэран хъунукъым,

## Пкъыгъуэ 13. ЗегъакӀуэ Гуп икӀи ЛӀыкӀуагъэр

1. Хасэр ЗегъакӀуэ Гупым къегъэлъагъуэ.

2. Абы нэмыщӀу, Тхьэмадэр Секретарь е Бухгалтерым игъусэу зекӀуэурэ е Секретарыр Бухгалтерым игъусэу зекӀуэурэ Хасэр зэгъусэу къагъэлъэгъуэн, абы и лӀыкӀуэу зекӀуэн хуитыныгъэ яӀэщ.

3. ЗегъакӀуэ Гупым, мы хуитыныгъэ гъунапкъэхэм къыриубыдэу Хасэр къигъэлъэгъуэн/абы и цӀэкӀэ зекӀуэн щхьэкӀэ ЗегъакӀуэ Гупым щыщ зы е нэхъыбэм икӀи адрейхэм, зэгъусэу е зэрыз-зэрызу хуитыныгъэ языт унафэхэр къищтэфынущ.

## Пкъыгъуэ 14. ЗегъакӀуэ Гупым и ЛэжьэкӀэ ЩӀыкӀэхэр

1. Тхьэмадэмрэ абы игъусэу зекӀуэ/Ӏуэху зыщӀэрэ ЗегъакӀуэ Гупым щыщ я нэхъ мащӀэу нэрыбгитӀум ЗегъакӀуэ Гупыр зэхуэс щӀыным къырагъэблэгъэным теухуауэ зэхуэдэ хуитыныгъэ яӀэщ.

2. Зегъакlуэ Гупыр, япэрэ lыхьэхэм зи цlэр къиlуахэм е абыхэм я цlэкlэ Секретарым, зэхуэс зэращlыным и хъыбарыр заригъэщlа махуэмрэ зэхуэсыр щащlыну махуэмрэ хэмыту, я нэхъ мащlэу махуибл ипэкlэ тхауэ щыт егъэблэгъэныгъэкlэ зэхуэсым къыраджэнущ; зэхуэс егъэблэгъэныгъэм зытепсэлъыхьыну щыт lуэхугъуэхэри (повесткэ) къыщыгъэлъэгъуауэ щытынущ.

3. Зегъакlуэ Гуп зэхуэсхэр, зэхуэсым езыгъэблагъэм игъэунэхуа щlыпlэм щащlынущ.

4. Япэрэ lыхьитlум хэт зекlуэкlэ щlыкlэхэм ящыщ гуэрэм ебэкъуауэ щытмэ/епцlыжахэмэ, зэхуэсым къыхэмыхьэ Зегъакlуэ Гуп членхэм зэхуэсым ипэ къихуэу, унафэ къащтэным зэрыхуэарызыхэр къыжаlауэ щытымэ, Зегъакlуэ Гупым къищтэну унафэхэр пэжу/зэрахьэфу щытынущ.

5. Зегъакlуэхэм ящыщ гуэрэм, тхыгъэу щыт зы щхьэтлыкъкlэ зэхуэсым нэмыщl зы Зегъакlуэм езбы щхьэкlэ хуитыныгъэ иритурэ зыкъыщигъэлъэгъуэфэнущ. Зы Зегъакlуэр зэхуэсым адрей зы (1) Зегъакlуэ къудейм и лlыкlуэу щыщытыфынущ.

6. Зегъакlуэхэм, Зегъакlуэ Гуп зэхуэсхэм зы lэ lэт хуитыныгъэ/правэ закъуэщ щыряlэр.

Мы Хабзэм/Уставым, нэхъыбэу щытыныр къимыгъэлъэгъуауэ щытымэ, Зегъакlуэ Гуп унафэхэр, lэ зыlэтхэм изыныкъуэм зыкlэ фlэкlым я lэ lэтыныгъэмкlэ къащтэфынущ. Мы Хабзэм/Устаым, нэхъыбэу щытыныр къимыгъэлъэгъуауэ щытмэ/къигъэлъэгъуэхункlэ, унафэхэр, Зегъакlуэ Гуп Членхэм изыныкъуэм зыкlэ фlэкlыр зэхуэсым щыlэу щытымэ е абыхэм я пlэкlэ зы лlыкlуэ щыlэмэ къащтэу щытыфынущ.

Цlыхухэм ямыхьэлlауэ щыт зы къыхалъхьам/предложением ехьылlа lэ lэтыным голосхэр зэхуэдэу щытымэ къыхалъхьар къащтэркъым. Цlыхухэр хэхынымкlэ lэ lэтхэр/голосхэр зэхуэдэу щытымэ lуэхугъэр зэхэгъэкlын щхьэкlэ пхъэидзэ ящlынущ.

Цlыху хэхыныгъэм теухуа lэ lэтыныгъэр нэрыбгъитl нэхърэ нэхъыбэм хуэгъэзауэ щытымэ икlи хахынухэм ящыщ гуэрэм lэ яlэтам изыныкъуэм зыкlэ нэхъыбэр къимыхьыфамэ, нэхъыбэу lэ зыхуаlэта нэрыбгитlыр зыхэтыну зы lэ lэт иджыри ящlынущ.

7. Тхьэмадэм, Зегъакlуэ Гупым тхьэмадагъэ щызэрехьа; щыщымыlэм деж/щыгъуэ Тхьэмадэ Къуадзэм Зегъакlуэ Гуп зэхуэсхэм тхьэмадагъэ щещlэ; тlури щымыlэмэ зэхуэсым езбы и Тхьэмадэр хех, къегъэлъагъуэ.

8. Зегъакlуэхэм ящыщхэр, занщlэу е зэдзэкlауэ езбы и файдэхэр/интересхэр я 12-нэрэ Пкъыгъуэм и 2-нэрэ lыхьэм зи гугъу щыщlа файдэхэм щямызэгъу щыщыт зы lуэхугъуэ гуэрым ехьылlа зэпсэлъыныгъэхэм икlи абы теухуауэ унафэ

къэщтэныгъэм яхэтыфынукъым. Зи цӀэр къиӀуа Зегъакӏуэм, ипэкӏэ къэкӏуа псалъэухуам зи гугъу къищӏ файдэ зэпэувхэм хуэдэ зы щытыкӏэ къэхъуауэ илъагъумэ мыр мыгувэу Зегъакӏуэ Гуп Тхьэмадэм иригъэщӏэн хуеищ. Зегъакӏуэ Гупым файдэ зэпэщӏэувэм ехьылӏауэ зы унафэ гуэр къимыщтэфымэ унафэр Гуп Нэхъыщхьэм къещтэр.

9. Зэхуэсым и Тхьэмадэ, зэхуэсым Ӏэ Ӏэтыр зэрэщащӏыну щӏыкӏэр егъэунэху; ауэ цӏыхухэм ехьылӏа Ӏуэхугъуэхэм я Ӏэ Ӏэтхэр, Зегъакӏуэхэм щыщ зыр е нэхъыбэр хуеи хъуурэ щытымэ гъэпщкӏуауэ/щэху ягъэзащӏэ.

10. Зэхуэс Тхьамадэм, Ӏэ Ӏэтыныгъэр иухуа нэужь Ӏэ Ӏэтым къигъэлъэгъуам теухуауэ къыжиӏэрэ еплъыкӏэр фӏэкӏ зимыӏэщ/окончательнэщ. Мы щытыкӏэр, Ӏэ зыхуаӏэта къыхалъхьар/предложениер ятхыурэ яухъумауэ щытымэ, къащта унафэм щхьэкӏи аращ зэрыщытынур.

11. Зегъакӏуэ Гупым ищӏырэ зэхуэсхэм щагъэзащӏэхэрэр/зыщытепсэлъыхьхэр, Секретарым е зэхуэс тхьэмадэм къалэн зыхуигъэува нэрыбгэм итх отчетхэмкӏэ яухъумэ.

Отчетхэр къызэращтар къэгъэлъэгъуэн папщӏэ, а зэхуэсым е къыкӏэлъыкӏуэ зэхуэсым, отчетхэр зыщатха зэхуэсым и Тхьэмадэмрэ и Секретарымрэ Ӏэ щӏадзэ.

12. Зегъакӏуэ Гупым, Зегъакӏуэ псоми Ӏэ Ӏэтын амал яратауэ икӏи зыри мыпхуэдэу унафэ къащтэным къыпэмыуващэ щытымэ зэхуэс ямыщӏыуи унафэ къищтэфынущ. Мыпхуэдэу щыхъуам, хэтхэм и нэхъыбапӏэм е зыхуеиным хуедиз зегъакӏуэ куэдым, къыхьалъхьа предложением Ӏэ хуаӏэтамэ унафэр къащтэ.

Зэхуэс ямыщӏауэ къащта зы унафэр, къыкӏэлъыкӏуэ зэхуэсым псоми щарагъащӏэ икӏи мы хъыбарыр а зэхуэсым и отчетым хатхэ.

13. Зегъакӏуэ Гупым, и процедурэхэр/Ӏуэхугъэзэщӏэкӏэхэр зэригъэкӏуэн папщӏэ унафэ тха нэхъыбэ къищтэфынущ. Мы унафэхэм, Зегъакӏуэ Гупым мыхэр щищӏэфынущ:

а. Зегъакӏуэ псоми хэхауэ щыт къалэнрэ пщэрылъхэмрэ иритыфынущ, мыбы Хасэм и махуэ къызэрыкӏуэ Ӏуэхухэр зыгъэзэщӏэныр зи пщэрылъыну зы Зыгъэзащӏэ Гуп зызэригъэпэщынкӏэ хъунури хэтщ;

б. Зегъакӏуэхэм ящыщ зым е нэхъыбэм езбы я къалэнхэм ехьылӏа Ӏуэхугъэхэм теухуауэ законнэу/хабзэм езэгъу унафэ къызэращтэфынур игъэбелджылыфынущ, зэригъэзэхуэфынущ.

И щхьэкӏэ мы Ӏыхьэм къыщыгъэлъэгъуа зэгъэзэхуэныгъэхэм я къэщтэныгъэмрэ зэхъуэкӏыныгъэмрэ епха Зегъакӏуэ Гуп унафэхэр, япэрэ псалъэухуам хэт унафэхэм ехьылӏауэ щытыхукӏэ, ауэ пкъыгъуэ зэхъуэкӏыныгъэхэм папщӏэ зэрыхуеиными тету, зэгурӀуэныгъэ щыпкъэм ехьылӏа хуэдэу къащтэфынущ.

## Пкъыгъуэ 15. Гуп Нэхъыщхьэ Зэхуэс Егъэблэгъэныгъэ

1. ЗегъакIуэ Гупым, и гъуэу къилъытэхункIэ Гуп Нэхъыщхьэр зэхуэсым къыриджэнущ.

2. Гуп Нэхъыщхьэм и Iэ Iэтхэм щыщу пщIым щыщу зым техуэ член бжьыгъэм нэхъ мащIэу щымытымэ зэхуэс ящIын папщIэ къатхэуэ щытымэ, ЗегъакIуэ Гупым тхьэмахуиплIым фIэмыкIыну зы зэманым къыриубыдэу Гуп Нэхъыщхьэр зэхуэсым къыриджэн хуейщ.

Егъэблэгъэныгъэм махуэ пщIыкIуплIым къыриубыдэу жэуап къырамытыжамэ, лъэIу тхылъыр къэзытха езбыхэм Гуп Нэхъыщхьэр зэхуэсым къыраджэфынущ.

3. Гуп Нэхъыщхьэр, полноправнэ Членхэмрэ ЩIыхь ЗиIэ Членхэмрэ, я нэхъ мащIэу махуэ пщIыкIуплI ипэкIэ тхыгъэу хъыбар яратызэ зэхуэсым къыраджэнущ. Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсхэр Истанбыл (Тыркуем) е Хасэ купсэр/центрыр зыдэт щIыпIэм щащIынущ. Зэхуэсыр зыдыщащIыну щIыпIэр зэхуэсым и Iуэхухэр зезыхуэ цIыху/цIыхухэм ягъэунэхур.

Ауэ, ипэрэ пычыгъуэм и яужьрей псалъэухуам къигъэувым тету зэхуэсым къыраджэу щытымэ, Хасэм и центрыр зыдэт щIыпIэм зи щIэджыкIакIуэр куэду щыт зы газет гуэрым хъыбар къытрегъэзэн щIыкIэм тетыуи ирагъэблэгъэфынущ.

Зэхуэсым и хъыбар гъэIум, зытепсэлъыхьыну Iуэхугъуэхэри (повестка) къыщыхагъэщыр.

Зэхуэс егъэблэгъэныгъэр газетым къытрадзэурэ ящIамэ, зэхуэсым хэтыну хуитыныгъэ зиIэ цIыхухэм, зытепсэлъыхьыну Iуэхугъуэхэр (повесткэхэр) зыхуатхыфыну щIыпIэ е щIыпIэхэр къыхэгъэщыныр ирикъунущ.

4. Зэхуэс хъыбарым къыщыгъэлъэгъуауэ щытымэ, Член псоми икIи абы я лIыкIуэхэми (делегатхэм) е щIыхь зиIэ членхэм, электроннэ зызэпыщIэныгъэ амалхэр къагъэсэбэпурэ, езбыхэр е тхауэ и хабзэм езэгъу къагъэлъэгъуа зи лIыкIуэкIэ Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсым хэтыфынущ, къыщыпсэлъэфынущ е -Iэ Iэтын хуитыныгъэ яIэу щытымэ- Iэ яIэтыфынущ; ауэ электроннэ зызэпыщIэныгъэ амалхэм, зэхуэсым хэтыну хуитыныгъэ зиIэуэ щытым и Iуплъэр/личностыр ягъэунэхуэн икIи зэхуэсым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм занщIэу къакIэлъыплъыфын е зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм къахэпсэлъэхьыфын амал яригъэгъуэту щытын хуейщ.

5. Гуп Нэхъыщхьэм, электроннэ зызэпыщIэныгъэ амалхэр къызэрагъэсэбэпыфыну щIыкIэхэр унафэхэмкIэ/постановленэхэмкIэ

зэригъэзэхуэн хуитыныгъэ иӀ. Гуп Нэхъыщхьэм мы и хуитыныгъэр къигъэсэбэпамэ, щӀыкӀэ игъэбэлджылахэр зэхуэсыр щекӀуэкӀым къажыраӀэ.

6. Мы Пкъыгъуэм и 3-нэрэ Ӏыхьэм и унафэхэм езэгъырэ зы Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэс егъэблэгъэныгъэ ямыщӀамэ, унафэ къэзыщтэну хуитыныгъэ зиӀэ цӀыху бжьыгъэм щыщу, ирикъуну къалъытэ бжьыгъэм нэхърэ нэхъ мащӀэу щымытымэ Гуп Нэхъыщхьэм пхырыкӀ зиӀэну унафэхэр къиищтэфынущ. Мыр, Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсым Ӏэ зыӀэтыфыну щытхэм ящыщу изыныкъуэр зэхуэсым хэтымэ икӀи зыри мыбы пэмыувымэ е ЗегъакӀуэ Гупыр унафэ къащтэным къыпэмыувымэщ зэращӀыфынур.

Гуп Нэхъыщхьэр, къыраӀуа хъыбар егъащӀэ уахътэм нэхърэ нэхъ уахътэ кӀэщӀым къыриубыдэу зэхуэсым къыраджамэ, мыпхуэдэ зы зэхуэсым Ӏэ Ӏэт хуитыныгъэ зиӀэхэм щыщу я нэхъ мащӀэ и пщӀанэм щыщу зыр унафэхэр къащтэным къыпэумыувауэ щытымэ пхырыкӀын/къару зиӀэн унафэхэр къащтэфынущ.

Мы Ӏыхьэм и япэрей псалъэухуам хэт гъэнэхуа щӀыкӀэхэр, утыку имылъ/повесткэу щымыт Ӏуэхугъуэхэми ехьылӀа Гуп Нэхъыщхьэ унафэхэм папщӀэкӀи ещхьу къагъэсэбэпынущ, зэрахьэнущ.

## Пкъыгъуэ 16. Гуп Нэхъыщхьэм Хэгъыхьэн икӀи Ӏэ Ӏэт ЩӀыкӀэр

1. Членхэмрэ зи членыгъэр къэгъэувыӀауэ щымыт щӀыхь зиӀэ членхэм, Хасэм и зэхэщэ органхэр зыгъэувахэм икӀи ЗегъакӀуэ Гупым икӀи/е Гуп Нэхъыщхьэм къырагъэблэгъэхэм Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсым хэтыну хуитыныгъэ яӀ. КъэкӀуэну щӀыкӀэхэм езэгъу зы е нэхъыбэу лӀыкӀуэ къагъэкӀуэфынущ:

- ПщӀы (10) нэхърэ нэхъ мащӀэу член зиӀэ Членхэм зы (1) лӀыкӀуэ;

- ПщӀы (10) е нэхъыбэу ауэ щэ (100) икӀи щэм нэхърэ нэхъ мащӀэу член зиӀэ Членхэм, лӀыкӀуитӀу (2);

- Щэ (100) е нэхъыбэу ауэ щитӀу (200) икӀи щитӀум нэхърэ нэхъ мащӀэу член зиӀэ Членхэм, лӀыкӀуищ (3);

- ЩитӀу (200) е нэхъыбэу ауэ щищ (300) икӀи щищым нэхърэ нэхъ мащӀэу член зиӀэ Членхэм лӀыкӀуипл (4);

- Щищ (300) е нэхъыбэу член зиӀэ Членхэм лӀыкӀуитху (5);

- Федерациеу щыт Членхэм лӀыкӀуищ (3) хуитыныгъэ/правэ яӀэщ.

Член псоми, лӀыкӀуэ къэгъэлъэгъуэныр, сыт хуэдиз уахътэкӀэ зэрэщытынур икӀи лӀыкӀуэм и къалэн уахътэр зэриухырэм теухуауэ ЗегъакӀуэ Гупым тхауэ хъыбар къырагъэщӀэнущ. ЛӀыкӀуэм, зи цӀэр къыриӀуэ/къигъэлъагъуэ членым (членэу щыт ӀуэхущӀапӀэм/зэхэщэныгъэм) и хабзэ/устав е и зэгурыӀуэ нэхъыщхьэм икӀи/е щхьэтлыкъ тхылъкӀэ, юридическэ лицэу щытэр Хасэм сыт и лъэныкъуэкӀи къыщигъэлъэгъуэфын, абы щхьэкӀэ зекӀуэфын хуитыныгъэ иӀ/иӀэщ.

Мы лIыкIуэм, Хасэ Iуэхухэр гъэзэщIэным щхьэкIэ ягъэувын хуитыныгъэ иIэщ.

2. Зи членыгъэр къагъэувыIа зы Членым и лIыкIуэхэр, зи цIэр къиIуа членыгъэр къэгъэувыIэным ехьылIа унафэр къыщащтэну Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсым хэтын икIи мы Iуэхугъэм теухуауэ зэхуэсым къыщыпсэлъэн хуитыныгъэ иI/иIэщ.

3. Членхэм -щIыхь зиIэ членхэр хэмыту- Гуп Нэхъыщхьэм Iэ Iэт хуитыныгъэ щариIэщ. Псоми къэкIуэну мо щытыкIэхэм тету Iэ яIэтынущ:

- ПщIы (10) нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэм зы (1) Iэ Iэт/голос;

- ПщIы (10) е нэхъыбэу ауэ щэ (100) икIи щэм нэхърэ нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэм Iэ IэтитIу (2);

- Щэ (100) е нэхъыбэу ауэ щитIу (200) икIи щитIум нэхърэ нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэм Iэ Iэтищ (3);

- ЩитIу (200) е нэхъыбэу ауэ щищ (300) икIи щищым нэхърэ нэхъ мащIэу член зиIэ Членхэм Iэ IэтиплI (4);

- Щищ (300) е нэхъыбэу член зиIэ Членхэм, Iэ Iэтитху (5);

- Федерациеу щыт Членхэм Iэ Iэтищ (3) яI.

Iэ Iэтын хуитыныгъэ зиIэ псоми, Iэ Iэтын хуитыныгъэ зиIэ нэмыщI гуэр тхыгъэкIэ и Iэ Iэт хуитыныгъэм хуит хуищIыфынущ. Iэ Iэт хуитыныгъэ зиIэ зы нэрыбгэр, ЧленитIым нэхъыбэм дзыхь зыхуащIа цIыхуу/уэчылу щытыфынукъым.

4. Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсым Iэ Iэтын хуитыныгъэ щызиIэ псоми ядэныгъэм тету, псоми зэгъусэу Iэ зыхуаIэтауэ/къащтауэ щыт зы унафэр, зы зэхуэсым щызэрымыгъэгъуэтауэ щытыми, ипэкIэ ЗегъакIуэ Гупым ирагъэщIэн зэрыхуеими тету, Гуп Нэхъыщхьэм къищта зы унафэм хуэдэ къабзэу къару иIэщ.

5. ЗегъакIуэхэр/управляющиехэр, Гуп Нэхъыщхьэм чэнджэщэгъу плъыфэр яIэу щызекIуэх.

## Пкъыгъуэ 17. Гуп Нэхъыщхьэ Зэхуэс ЩIыкIэр

1. Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсхэм ЗегъакIуэ Гупым и Тхьэмадэм е ар щыщымыIэм щыгъуэ Тхьэмадэ Къуадзэм; а тIури щыщымыIэми ЗегъакIуэ Гупым езбы и членхэм ящыщ гуэрым е нэмыщI зы щытыкIэкIэ къалэн зыхуащIыну зы гуэрым тхьэмадагъэ щызэрихьэнущ. ЗегъакIуэхэм ящыщ зыри щымыIэмэ зэхуэсым езбы и Тхьэмадэр хех.

Гуп Нэхъыщхьэм зы ТхакIуэ/Чатиб хех.

2. Гуп Нэхъыщхьэм Iэ Iэтыр зэрыщагъэзэщIэну щIыкIэр тхьэмадэм егъэунэху.

3. Закон е мы Хабзэм/Уставым нэхъыбэу Iэ хуэIэтын хуейуэ зыхумыгъэува унафэ псори, Iэ зыIэтыну хуитыныгъэ зиIэ лIыкIуэхэм я нэхъ мащIэу изыныкъуэр къызыщыгъэлъэгъуа зэхуэсхэм щаIэта Iэхэм щыщу изыныкъуэм зыкIэ фIэкI бжьыгъэмкIэ къащтэ.

ЦIыхухэм ямыхьэлIауэ щыт унафэ зытращIыхьыну Iухэхугъуэм ехьылIа Iэ Iэтхэр зэхуэдизу зэтекIыу щытымэ Iуэхугъуэ къагъэувар къащтэкъым/ядэркъым. ЦIыху хэхыныгъэм ехьылIа Iэ Iэтхэр зэхуэдэу щытымэ, Iуэхур зэфIэхын папщIэ пхъэидзэ ящIыр.

ЦIыху хэхыныгъэм теухуа Iэ Iэтыр къагъэлъэгъуауэ щыт цIыхуитIум хуэгъэзаауэ ящIу щытымэ икIи къагъэлъэгъуахэм ящыщ гуэрэми абсолютнэу нэхъ Iэ куэд хуэIэтауэ щымытымэ, хуей хъуму Iэ нэхъ куэд зыхуаIэта нэрыбгитIум хуэгъэзауэ иджыри зы Iэ Iэт ящIыр.

4. Гуп Нэхъыщхьэм Тхьэмадэм Iэ Iэтым и кIэухым теухуауэ къыщыжиIа еплъыкIэр пэжу щот. Ар дыдэр, Iэ зыхуаIэта къагъэлъэгъуа Iуэхугъэр ятхыхункIэ, къащтауэ щыт зы унафэм папщIи пхырыкI зиIэщ.

5. Гуп Нэхъыщхьэм щагъэзащIэ Iуэхухэр ТхакIуэм/Чатибым отчетхэм яретхэр.

Отчетхэр а зэхуэсым е къыкIэлъыкIуэ зэхуэсым къабыл щащI икIи мы къабылым и къэгъэлъэгъуэныгъэуи а зэхуэсым и Тхьамадэмрэ и Чатибымрэ Iэ щIадзэ.

6. Мы Хабзэм/Устаым и пкъыгъуэхэм/статьяхэм, зы унафэм и пхырыкIыныгъэр Гуп Нэхъыщхьэм хэт Членхэм я бжьыгъэм епхауэ щыту къигъэлъагъуэу щытымэ икIи мы бжьыгъэр Гуп Нэхъыщхьэм къыщымыгъэлъэгъуауэ щытымэ, мы Хабзэм темэ хэха гуэрым ехьылIауэ мы щытыкIэм нэмыщIу зыгуэр къыщыгъэлъэгъуауэ щымытымэ, етIуанэрэу зы Гуп Нэхъыщхьэ зэхэхьафынущ икIи зэхуэс ящIыфынущ икIи мы Гуп Нэхъыщхьэм къыщагъэлъагъуэ Членхэм я бжьыгъэм емыплъу унафэ къыщащтэфынущ.

Мыпхуэдэ зы етIуанэрэ Гуп Нэхъыщхьэ хъыбар егъащIэ тхыгъэм, мы Гуп Нэхъыщхьэм, хэт Членхэм я бжьыгъэм емыплъу зы унафэ къызэрыщащтэфынур икIи мыбы и щхьаусыгъуэр къыщыхэгъэщын хуейщ.

Мыпхуэдэ зы етIуанэрэ Гуп Нэхъыщхьэ хъыбар егъащIэ тхыгъэр, япэрей Гуп Нэхъыщхьэр зэхуащIыжа нэужь къагъэлъэгъуэфынущ. ЯтIуэнэрей зэхуэсыр, япэрэ Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсыр щызэхуащIыжам къыщищIидзэу тхьамахуихым и кIуэцIкIэ ящIын хуейщ.

## Пкъыгъуэ 18. Гуп Нэхъыщхьэ; Финансовэ Гъэр, Илъэс Зэхуэсхэр, КъэпщытакIуэ Гупыр

1. Хасэм и финансовэ гъэр календарь/махуэрыбжьэ илъэсым игъусэу макIуэ.

2. Гуп Нэхъыщхьэм мы уахътэр я нэхъыбэу мазиплIкIэ имыгъэукIыхьа нэужькIэ, финансовэ илъэсыр иухуа нэужь мазихым икIуэцIкIэ гъэ къэс я нэхъ мащIэу зы Гуп Нэхъыщхьэ, нэгъуэщIу жыпIэнумэ Илъэс Зэхуэс ящI.

3. ЗегъакIуэ Гупым, Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэмрэ зэрихьэрэ политикэмрэ ехьылIауэ ЗегъакIуэ Гуп рапортыр Илъэс Зэхуэсым къыщегъэлъагъуэ. ЗегъакIуэ Гупым, илъэс балансыр икIи къакIуэ-кIуэхэм я таблицэр, мы илъэс хьисэпхэм ехьылIа кIэщIэтхэхэри игъусэу, Илъэс Зэхуэсым, къащтэн щхьэкIэ и пащхьэ ирелъхьэ.

Мы документхэм ЗегъакIуэхэм Iэ щIадзэ; зы е нэхъыбэм я Iэ щIэдзэр щыкIагъэу щытымэ ятхыурэ и щхьаусыгъуэр къыхагъэщыр.

4. Гуп Нэхъыщхьэм, илъэс къэс мы Пкъыгъуэм и 3-нэрэ Iыхьэм зи цIэ къыхэщ документхэм якIэлъыплъын щхьэкIэ зы КъэпщытакIуэ Гуп егъэув. КъэпщытакIуэ Гупыр, Хасэ ЗегъакIуэ Гупым хэмыт я нэхъ мащIэу нэрыбгитIум къыхэхъукI.

Хасэ ЗегъакIуэ Гупым, документхэр, мы документхэм щыщыхэплъэну Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэс махуэм я нэхъ мащIэу мазэкIэ ипэ къихуэу КъэпщытакIуэ Гупым и пащхьэ ирелъхьэ. КъэпщытакIуэ Гупыр документхэм яхоплъэ икIи и хэплъэныгъэм теухуауэ Гуп Нэхъыщхьэм рапорт ирет.

Хасэ ЗегъакIуэ Гупым, КъэпщытакIуэ Гупым, хэплъэн мурадкIэ КъэпщытакIуэ Гупыр зыхуей документ псори иритын хуейщ икIи КъэпщытакIуэ Гупым Хасэм и ахъщэ щытыкIэм, иIэ мылъкухэмрэ дефтер икIи отчетхэмрэ яхэплъэн щхьэкIэ Iизын иритыну хуейщ.

5. Гуп Нэхъыщхьэм, балансым икIи къэкIуэ-кIуэхэм/хэхъуэ-хэкIхэм я таблицэхэм кIэлъыплъын папщIэ Пкъыгъуэ/Статья 393, я 1-рэ пункт лъабжьэ, 2. тхылъым къыщыхэщ зы къэпщытакIуэ къигъэувыфынущ. Зы къэпщытакIуэ къагъакIуэмэ, ЗегъакIуэ Гупым, и кIэлъыплъэныгъэм теухуауэ рапорт ирет икIи и кIэлъыплъэныгъэм къыщигъуэтахэр зы еплъыкIэкIэ къеIуатэ. Мы еплъыкIэр, ЗегъакIуэ Гупым Гуп Нэхъыщхьэм хуехьыр.

6. Гуп Нэхъыщхьэм, ипэрэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуауэ иI и хуитыныгъэр къигъэсэбэпу щытымэ, КъэпщытакIуэ Гуп ямыгъэувынымкIи унафэ ищIыфынущ.

## Пкъыгъуэ 19. Хабзэм/Уставым ЗэхъуэкIыныгъэ ХэщIыхьын

1. Хабзэр/Уставыр Гуп Нэхъыщхьэм къиштэну зы унафэкIэщ зэрызэрахъуэкIыфынур. Гуп Нэхъыщхьэр, зэхуэс ящIынум Хабзэм/Уставым ехьылIа зэхъуэкIыныгъэ мурадыр къызэрэщагъалъэгъуэным теухуа хъыбарымкIэ къызэрэугъоир.

2. Хабзэм/Уставым зэхъуэкIыныгъэ хащIыхьыным теухуа къыхальхьэм тепсэлъыхьынхэ папщIэ Гуп Нэхъыщхьэр зэхуэзыщэсхэм, къагъэлъагъуэрэ

зэхъуэкIыныгъэр зэрит тхылъым и зы копиер, зэхуэс махэм ипэ къихуэу я нэхъ гувауэ махуитху ипэкIэ хъуну щыт зы щIыпIэ гуэрым, зэхуэсыр щащIыну махуэм иухыхункIэ хэплъэнхэ папщIэ Членхэм я пащхьэ щырилхьэн хуейщ.

3. Хабзэм/Уставым зэхъуэкIыныгъэ щыщIыным ехьылIа унафэр, Iэ Iэтын хуитыныгъэ зиIэ лIыкIуэхэм ящыщу я нэхъ мащIэу щым щыщ тIур/щанитIур зыхэтыну зы Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсым щаIэта Iэхэм щыщу я нэхъ мащIэу щым щыщу тIумкIэ/щанитIымкIэ къащтэфынущ.

4. Хабзэм/Уставым щащIа зы зэхъуэкIыныгъэм, нотериусым къабыл ищIа нэужькIэщ хуитыныгъэ щиIэнур. ЗегъакIуэ Гупымрэ Хасэр къигъэлъэгъуэным хуит зегъакIуэхэмрэ, Хабзэ/Устав зэхъуэкIыныгъэр къабыл зэращIам ехьылIа документым Iэ щIырагъэдзэнымкIэ пщэрылъ яI. Гуп Нэхъыщхьэм мыр гъэзэщIэн хуитыныгъэр нэмыщIхэми яритыфынущ.

5. Мы Пкъыгъуэм и 1-нэ икIи 2-нэрэ Iыхьэхэм я унафэр, Iэ Iэтын хуитыныгъэ зиIэ псори Гуп Нэхъыщхьэм къыхэхьамэ е Гуп Нэхъыщхьэм къыщыгъэлъэгъуахэмэ икIи Хабзэр/Уставыр зэхъуэкIын унафэр Iэ Iэт зэгъусэныгъэкIэ къащтамэ ягъэзащIэркъым.

6. ЗегъакIуэхэм, Хабзэм щащIа зэхъуэкIыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ документым государственнэу зэрадам и зы щапхъэр икIи зэхъуэкIыныгъэ нэужьым ятха Хабзэ/Устав текстыр, Хасэр зыщIэтхауэ щыт Сату ТхапIэм и Iуэху щIапIэхэм яратын хуейщ.

## Пкъыгъуэ 20. Зэгъэзэхуэныгъэхэр

1. Я 14-нэрэ Пкъыгъуэм и и 11-нэрэ унафэхэр зэрэщыту къэнэн хуейуэ щытыми, Гуп Нэхъыщхьэм мы Хабзэм/Унафэм ипэкIэ ямылъэгъуауэ щыт Iуэхугъуэхэр зэзыгъэзахуэ зы е нэхъыбэу унафэ/правилэ щIэрыпсхэр къищтэфынущ е зэрихъуэкIыфынущ.

2. Унафэхэм/правилэхэм законым е мы Хабзэм/Уставым емызэгъ зекIуэкIэ щIыкIэхэр хэмытын хуейщ.

3. Я 19-нэрэ Пкъыгъуэм и 1, 2 икIи я 5-нэрэ Iыхьэхэм хэт унафэхэр, правилэхэр къызыщащта е щызэрырахъуэкIа унафэхэм щхьэкIи ещхьыныгъэкIэ щызэрахьэнущ.

## Пкъыгъуэ 21. ЗэхуэщIыжын икIи УнэщIыжын

1. Хасэм и зэхуэщIыжыным папщIэ Гуп Нэхъыщхьэм къищта унафэм, я 19-нэрэ Пкъыгъуэм и 1, 2,3 икIи 5-нэрэ Iыхьэхэм хэт унафэхэр ещхьу тращIыхьыр.

2. Гуп Нэхъыщхьэм, япэрей Iыхьэм зи гугъу щыщIа и унафэм, унэщIыжыным и нэхъыбэр зэрагуэщыныр щегъэбелджылы икIи мы зэхуэгуэщыныгъэр амал зэриIэкIэ Хасэм и мурадхэм езэгъ зэрыхъуныр къыщехутэ.

3. Хасэр ЗегъакIуэ Гупым еунэщIыж.

Хасэм и пщэрылъхэр, игъэзэщIэн хуеихэр иIэ мылъкум/ахъщэм нэхърэ нэхъыбэу гу лъатэмэ, зи щIыхуэ зытель псори, хуеихэмэ амал зимыIэ унэщIыныгъэ унафэ къащIынкIэ лъэIу ямытху унэщIыныгъэм пащэну унафэ ямыщIамэ, амал зимыIэ унэщIыныгъэ унафэм папщIэ къэтхэфынухэщ.

4. Хасэм, зэхуащIыжа нэужьыми иIэ мылъкухэр зыIэригъэкIын папщIэ зыхуейну зэманым къыриубыдэу и щыIэныгъэм ирегъэукъудиир.

УнэщIыжь зэманыр иухыхункIэ мы Хабзэм/Уставым и унафэхэр амал зэриIэкIэ зекIуэу щытынущ. Хасэм и цIэкIэ ягъэхьазырыну щыт документхэм икIи хъыбар егъэщIэ тхыгъэхэм Хасэм и цIэ “яунэщIыжу щыт” жыIэгъуэри патхэн хуейщ.

5. Хасэм е унэщIыж къулыкъущIэхэм ящIэрэ нэмыщI мылъку къэмынауэ щыщытым Хасэм и щыIэныгъэр еух, кIэ егъотыр. ЗыунэщIыж къулыкъущIэхэм Хасэм и щыIэныгъэм зэриухуар, Хасэр зыщIэтхауэ щыт тхапIэхэм ирагъэтхын хуейщ.

6. ЗэхуащIыжьа м и дефтэрхэмрэ и тхыгъэхэмрэ/отчетхэмрэ, унэщIыжын Iуэхухэр иухуа нэужь илъэсиблкIэ унэщIыж къулыкъущIэхэм къагъэлъэгъуэну зы хъумакIуэм и хъумэныгъэм щIэлъынухэщ.

ХъумакIуэ къулыкъущIэм, и хъумэн къалэныр щIидза нэужькIэ махуийм къыриубыдэу Хасэр зыщIэтхауэ щыт тхапIэм и цIэрэ и адресымрэ иригъэщIэн хуейщ.

## ПIалъэкIэ ЩыIэну ЗегъакIуэ Гупыр

И лъабжьэкIэкIэ зи цIэр къэкIуэнухэр, Хасэм и ЗэгъэпэщакIуэ Гуп Нэхъыщхьэ (япэрэ гуп нэхъыщхьэ) зэхуэсыр ящIыу Хасэ зегъакIуэхэр хахыхункIэ ПIалъэкIэ ЩыIэну ЗегъакIуэ Гупу щытынухэщ икIи ЗэгъэпэщакIуэ Гуп Нэхъыщхьэ зэхуэсым ЗегъакIуэ Гуп щыпкъэр щыхаха нэужьым и къалэным иухынущ.

1. Фарук Арсландок, Истанбыл, Тыркуе
2. Орфан Щокъар-Сташ, Канада
3. Ноуралдин Омар Махмоуд Барсбай, Хоустон, Тексас, США
4. Мохаммад Хамзоукъу, Амман, Иордание
5. Iэмине Арсландок Сезгин, Истанбыл, Тыркуе

6. Гюнсел Щурдум Авджы, Истанбыл, Тыркуе
7. Нусрет Бащ, Истанбыл, Тыркуе
8. Фаиди Омар Махмоуд, Нуремберг, Германия
9. Закариа Набсо, Кфар Кама, Исраил
10. Джемил Горюджю, Кайсери, Тыркуе

- *Адыгэбзэкӏэ зэдзэкӏыныгъэр, Голландиябзэкӏэ тха Хабзэм (Уставым) и оригинальнэу щыт тхыгъэм и Инджылыбзэ зэдзэкӏыныгъэм тету зэрадзэкӏа Тыркубзэ тхыгъэм тету ягъэхьазыращ.*